Enfòmasyon sou egzonerasyon nan MassHealth HCBS

Egzonerasyon pou chòk serebral (ABI) ak egzonerasyon ki nan plan Moving Forward (MFP)

Egzonerasyon pou sèvis baze lakay e nan kominote a (Home and Community Based Services - HCBS) se pwogram MassHealth ki founi sèvis bay manm ki kalifye swa lakay yo oswa nan kominote a. Massachusetts gen katon egzonerasyon HCBS ki sèvi moun k ap kite swa yon etablisman swen, swa yon lopital pou maladi kwonik oubyen reyadaptasyon, oswa yon lopital sikatri pou tounen nan kominote kote y ap viv. Gen yon yon kantite maksimòm patisipan ki, chak lane, ka sèvi.

Pwogram egzonerasyon HCBS	Popilasyon ki sèvi
1. Egzonerasyon ABI-RH ***Blesi nan sèvo avèk reyadaptasyon rezidansyèl*** jere pa Depatman pou sèvis devlopmantal	Moun majè ki gen blesi nan sèvo (Adults with Acquired Brain Injury - ABI) ki bezwen sipèvizyon 24 sou 24 nan yon rezidans founisè jere e kote gen yon pèsonèl.
2. Egzonerasyon ABI-N ***Blesi nan sèvo avèk reyadaptasyon ki pa rezidansyèl*** jere pa MassAbility	Moun majè ki gen ABI men ki pa bezwen soutyen/ sipèvizyon 24 sou 24, men ki bezwen sèvis egzonerasyon baze nan kominote a e ki founi lakay yo.
3. Egzonorasyon MFPRS ***Moving Forward Plan pou soutyen rezidansyèl*** jere pa Depatman pou sèvis devlopmantal	Moun majè ki bezwen sipèvizyon 24 sou 24 nan yon rezidans founisè jere e kote gen yon pèsonèl.
4. Egzonerasyon MFP-CL ***Moving Forward Plan pou viv nan kominote a*** jere pa MassAbility	Moun majè ki pa bezwen ni soutyen ni sipèvizyon 24 sou 24, men ki bezwen sèvis egzonerasyon baze nan kominote a e ki founi lakay yo.

Kle pou tablo annapre a

* Kèk egzanp ABI ki kalifye se blesi nan sèvo ki rive poutèt **estwok, chòk nan sèvo, enfeksyon nan sèvo, timè nan sèvo, oubyen anoreksi.** Maladi ki yon sòt demans pa maladi ki kalifye.

** Kondisyon finansyè pou moun k ap aplike pou egzonerasyon HCBS :

- **Salè** ≤ 300% pase to benefis federal SSI la ($2,982 pa mwa nan lane 2026)
- **Aktif ki kapab konte** ≤ $2,000
- **Aktif ki kapab konte** e ki pou epou/epouz (si genyen) moun k ap fè aplikasyon an ≤ $162,660 (nan lane 2026)

Pou kalifye pou egzonerasyon an, yon moun dwe fè aplikasyon pandan yo toujou ap viv swa nan yon mezon retrèt, swa nan yon lopital pou maladi kwonik e lopital reyadaptasyon, oswa nan yon lopital sikatri, e	**Egzonerasyon ABI**	**Egzonorasyon MFP**
gen yon ABI* ki kontinye alaj 22 lane oubyen apre	✓	X
yon moun majè ki gen yon andikap oubyen gen 65 an oubyen plis	✓	✓
ap viv swa nan yon mezon retrèt, swa nan yon lopital pou maladi kwonik e lopital reyadaptasyon, oswa nan yon lopital sikyatri pou omwen 90 jou	✓	✓
satisfè egzijans sou kesyon nivo swen nan klinik	✓	✓
bezwen egzonerasyon sèvis nan kominote a	✓	✓
satisfè kondisyon finansyè pou kalifye pou MassHealth Standard**	✓	✓

Sèvis egzonerasyon *Gade sit entènèt ki anapre a pou detay* *✓ vle di sèvis sila disponib* *X vle di sèvis sila pa disponib*	Egzonerasyon rezidansyèl **ABI-RH**	Egzonerasyon rezidansyèl **MFP-RS**	Egzonerasyon pa rezidansyèl **ABI-N**	Egzonerasyon pa rezidansyèl **MFP-CL**
Konpayon ki majè	X	X	✓	✓
Sèvis asistans pou viv	✓	✓	X	X
Teknoloji dasistans	✓	✓	✓	✓
Sèvis travay nan kay	X	X	✓	✓
Soutyen lajounen ki baze nan kominote a	✓	✓	✓	✓
Soutyen e navigasyon pou sante konpòtmantal nan kominote a	✓	✓	✓	✓
Sèvis lajounen	✓	✓	✓	✓
Fòmasyon fanmi a	✓	✓	✓	✓
Adaptasyon nan aksesiblite adomisil	✓	✓	✓	✓
Livrezon repa lakay	X	X	✓	✓
Èd pou swen lakay (Home Health Aide)	X	X	✓	✓
Menajè	X	X	✓	✓
Soutyen pou yon lavi otonòm	X	X	✓	✓
Soutyen endividyèl e abilite kominotè	✓	✓	✓	✓
Lesiv	X	X	✓	✓
Sèvis oryantasyon e mobilite	✓	✓	✓	✓
Soutyen konfrè	✓	✓	✓	✓
Swen pèsonèl	X	X	✓	✓
Fizyoterapi, ègoterapi, òtofoni	✓	✓	✓	✓
Sèvis pre-pwofesyonèl	✓	✓	✓	✓
Abilite rezidansyèl	✓	✓	X	X
Sèvis relèv	X	X	✓	✓
Sipò adomisil komen	X	X	✓	✓
Lojman komen – soutyen 24 sou 24	✓	✓	✓	✓
Enfimyè konpetan	✓	✓	✓	✓
Aparèy medikal espesyalize	✓	✓	✓	✓
Anplwa asiste	✓	✓	✓	✓
Edan swen adomisil sipòtif	X	X	✓	✓
Asistans tranzisyonèl	✓	✓	✓	✓
Transpò	✓	✓	✓	✓
Amenajman machin	X	X	✓	✓

Gen disponib anliy enfòmasyon e aplikasyon sou yon paj ki ka enprime nan

www.mass.gov/acquired-brain-injury-abi-and-moving-forward-plan-mfp-waivers

Pou plis enfòmasyon sou egzonerasyon ABI, imèl : ABIinfo@umassmed.edu

Pou plis enfòmasyon sou egzonerasyon MFP imèl : MFPinfo@umassmed.edu